ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№208 (22.616) ● 2013 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 23, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къудэзм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ, **Марьяш Иринэ Евгений и пхьар**, абы иIыгъ къуалыкъур щхьэщыхауэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къудэзу гъэувын.

2. Мы Указым кIары егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м
№155-УГ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и яIэ къудэзм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ, **Альтуд Юрий Къамболэт и къуэр** Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и яIэ къудэзу гъэувын.

2. Мы Указым кIары егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м
№156-УГ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министрым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ, **Щхьэгъэпсо Сэфарбий Хьэсэнбий и къуэр**, абы иIыгъ къуалыкъур щхьэщыхауэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министру гъэувын.

2. Мы Указым кIары егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м
№157-УГ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Архив къулыкъущIапIэм и унафэщIым и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым ипкъ иткIэ, **Семэн Пщыкъан Григорий и къуэр**, абы иIыгъ къуалыкъур щхьэщыхауэ, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Архив къулыкъущIапIэм и унафэщIу гъэувын.

2. Мы Указым кIары егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Iэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм жэпуэгъуэм и 22-м
№158-УГ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** трихащ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и гулъытэ

● Гъуазджэ

Къэбэрдей-Балькъэрым и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен яIущIащ Налшык зыкъыщызыгъэлъэгъуа «Виртуозы Москвы» оркестрым и артистхэм.

А МАХУЭ дыдэм и щыхьэщхьэм Къанокъуэ Арсен хэIущIыIу ищIащ оркестрым и художественнэ унафэщI Спиваков Владимир «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэр зэрыфIищым теухуа и унафэр.

Гуп цIэрыIуэм и концертыр щита Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм цIыхур щIэзу къыхэхуэсат. Къанокъуэ Арсен жиIащ концертыр икъукIэ игу зэрырихьар, абы гупсэхуэгъуэ къызэрыритар. Республикэм и Iэтащхьэм щIыгъуу концертым еплъащ абы и щхьэгъусэ ФатIимэрэ и бынхэмрэ.

Къанокъуэм къыхиигъащащ гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэу ди къэралми нэгъуэщI хэкуэхэми щыцIэрыIуэ куэд. Къэбэрдей-Балькъэрым зэриIэр. Ди хэкуэгъу цIэрыIуэхэм ящыщу Къанокъуэм и цIэр къриIуащ Санкт-Петербург и филармонием и художественнэ унафэщI, пщIэшхуэ зыхуащI Темыркан Юрэ. «Ди деж гъуазджэр фIыуэ щалъагъу икIи цIыхум бгъэдэлъ зэчиим зыщрагъэужьыф. Сэ захуагъэу къэслъытэркъым музыкэ гуп хэха гуэрхэр Бакиев Владимир «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэр зэрыфIищым теухуа и унафэр.

Гуп цIэрыIуэм и концертыр щита Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм цIыхур щIэзу къыхэхуэсат. Къанокъуэ Арсен жиIащ концертыр икъукIэ игу зэрырихьар, абы гупсэхуэгъуэ къызэрыритар. Республикэм и Iэтащхьэм щIыгъуу концертым еплъащ абы и щхьэгъусэ ФатIимэрэ и бынхэмрэ.

Къанокъуэм къыхиигъащащ гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэу ди къэралми нэгъуэщI хэкуэхэми щыцIэрыIуэ куэд. Къэбэрдей-Балькъэрым зэриIэр. Ди хэкуэгъу цIэрыIуэхэм ящыщу Къанокъуэм и цIэр къриIуащ Санкт-Петербург и филармонием и художественнэ унафэщI, пщIэшхуэ зыхуащI Темыркан Юрэ. «Ди деж гъуазджэр фIыуэ щалъагъу икIи цIыхум бгъэдэлъ зэчиим зыщрагъэужьыф. Сэ захуагъэу къэслъытэркъым музыкэ гуп хэха гуэрхэр Казаков «къыщымыс» къызэрыхъур. Творческэ цIыхухэм дахагъэ къапкърокI, ди гъащIэр нэхъ екIу, гъэщIэгъуэн зэрытхуащIыным яужь итщ ахэр икIи апхуэдэу зэфIэкIхэмкIэ зэхъуэжьныр зэи зэпыу хъунукъым», - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

Къанокъуэ Арсен музыкантхэм фIыщIэ яхуищIащ цIыхухэм зэрагъэгуфIэ я гъуазджэ теЛыджым папщIэ икIи «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэхэр яфIищащ оркестрым и артистхэу Хандрас Виталийрэ Цай Георгийрэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● КъБР-м и Парламентыр илъэс 20 щрикъум ирихьэлIэу

КЕБЕКОВ Владимир: ГъащIэм ехьэлIа законхэращ дгъэнэхъыщхьэр

«Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партыр къыхэрыхьэрагъэпэщрэ илъэси 7 зэрыркъур иджыблагъэ ягъэльэпIащ. Я кIалэм нэхъыщхьэхэм, ятэ игъэщIилъэу къыдальтэхэм къытхутепсэльыхьащ КъБР-м и Парламентым и фракцэм и унафэщI, Хабзэзубзыхукlэ, къэрал ухуэныгъэмкIэ комитетым хэт, УФ-м щыхь зиIэ и энергетик, геолого-минералогие щIэныгъэхэм я кандидат Кебеков Владимир.

- Партым и Уставым къыщыгъэльэгъуа кIалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу пэжым тет, хуитныгъэ зиIэ жылагъуэ зэкъуэт Урысейм къыщызэпэщыныр, зыхуей щыхуэзэ псэукlэ яIэныкIэ щыхуэхэм ядэIэпыкъуныр. Апхуэдэ Iуэхуэхэм дауэ пэльэщрэ фи щIыналъэ къудамэр?

- Зи гугъу пщы, ди уставми, партым и программэми къыщыхъа Iуэхугъуэхэм ди къэралым и цIыху псори иужь итщ, ахэр зи тельхъэ партхэр зыхуэдэм емыльытагъуэ. Дэ кьыдольитэ, Урысейм социалистическэ къэрал цIыхэпIэгъуэвэжьыным и чэзыр къэсауэ. Партым и программэм и лъабжьэр «щIэр зи купщIэ социализм» ухуэныр, совет зэман жыжьэр дигу кьэзыгъэхьыж а псальэми фыщымышынэну фыкьыхуэздж. XXI лIэщIыгъуэм щIэну социализмэр - псэукlэм екьэлIа, захуагъэр щытепщ, хуитныгъэр щыкуэд, зэкъуэтыныгъэр зи лъабжьэ мардэхэм тет жылагъуэрщ. «ЩIэр зи купщIэ социализмэр» куэдкIэ къыщыхэщокI Совет Союзыр кьутэжьыным щхьэусыгъуэ хуэхъуа къэрал-бюрократ социализмэм.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● Дунейм ещанэгъэх

Щэнхабзэмкlэ Жылагъуэ совет

АДЫГЕЙ. ***Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэм и деж зэпымыуэу щылажьэ Жылагъуэ совет къыззрагъэпэщащ.***

ЖЫЛАГЪУЭ советыр щIэгъэкъуэн хъунущ щэнхабзэ, гъуазджэ Iэнатlэхэм Адыгейм и къэрал политикэр щыпхыгъэкIыныкIэ министерствэм къыхильхьэхэр гъэхьэзырыныкIэ, нэгъуэщIхэмкIи. Абы и унафэщу ягъуэващ УФ-м щыхь зиIэ и артист, Адыгейм и Тхакlуэхэм я союзым хэт, Лъэпкъ театрым и актер Мурат Чапай.

Медицинэ дэIэпыкъуныгъэ

АБХЪАЗ. ***Медицинэ и лъэныкъуэкIэ зэрыззэдэлэжьэнуи теухуа зэгурыIуэныгъэ Урысей Федерацэмрэ Абхъазымрэ я правительствэхэм Мэзкуу щыззэращIащ.***

Зэгурыlуэныгъэм Iэ щадзащ узыншагъэр хъунэныкIэ а къэралхэм я министерствэхэм я лIыкIуэхэу Маршан Зурабрэ Каграманян Игоррэ. Абы кърихьэлIащ Абхъазым и лIыкIуэу Урысейм щыIэ Ахбэ Игорь.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** трихащ.

КъБР-м и Iэтащхьэм и гулъытэ

● Гъуазджэ

Къэбэрдей-Балькъэрым и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен яIущIащ Налшык зыкъыщызыгъэлъэгъуа «Виртуозы Москвы» оркестрым и артистхэм.

А МАХУЭ дыдэм и щыхьэщхьэм Къанокъуэ Арсен хэIущIыIу ищIащ оркестрым и художественнэ унафэщI Спиваков Владимир «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и цIыхубэ артист» цIэ лъапIэр зэрыфIищым теухуа и унафэр.

Гуп цIэрыIуэм и концертыр щита Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм цIыхур щIэзу къыхэхуэсат. Къанокъуэ Арсен жиIащ концертыр икъукIэ игу зэрырихьар, абы гупсэхуэгъуэ къызэрыритар. Республикэм и Iэтащхьэм щIыгъуу концертым еплъащ абы и щхьэгъусэ ФатIимэрэ и бынхэмрэ.

Къанокъуэм къыхиигъащащ гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэхэу ди къэралми нэгъуэщI хэкуэхэми щыцIэрыIуэ куэд. Къэбэрдей-Балькъэрым зэриIэр. Ди хэкуэгъу цIэрыIуэхэм ящыщу Къанокъуэм и цIэр къриIуащ Санкт-Петербург и филармонием и художественнэ унафэщI, пщIэшхуэ зыхуащI Темыркан Юрэ. «Ди деж гъуазджэр фIыуэ щалъагъу икIи цIыхум бгъэдэлъ зэчиим зыщрагъэужьыф. Сэ захуагъэу къэслъытэркъым музыкэ гуп хэха гуэрхэр Казаков «къыщымыс» къызэрыхъур. Творческэ цIыхухэм дахагъэ къапкърокI, ди гъащIэр нэхъ екIу, гъэщIэгъуэн зэрытхуащIыным яужь итщ ахэр икIи апхуэдэу зэфIэкIхэмкIэ зэхъуэжьныр зэи зэпыу хъунукъым», - жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

Къанокъуэ Арсен музыкантхэм фIыщIэ яхуищIащ цIыхухэм зэрагъэгуфIэ я гъуазджэ теЛыджым папщIэ икIи «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэхэр яфIищащ оркестрым и артистхэу Хандрас Виталийрэ Цай Георгийрэ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Нэхъри гъунэгъу зэхуохъу

УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Медведев Дмитрий лэжьыгъэ Iуэхукlэ Китайм щыIэщ.

КъэралитIыр лъэныкъуэ куэдкIэ здэлэжьэным теухуа зэгурыIуэныгъэ 21-м Iэ традзащ Урысей Федерацэмрэ Китаймрэ я премьерхэм.

«Дунейпсо экономикэр щытыкIэ гугъум итщ икIи дэри сатыуэ здэтщIым мы илъэсым и пэщIэдзэм фIыуэ кIэрыхуауэ щытащ. Иджы ар и пIэм ивэжащ. Абы и закъуэкъым - абы нэхъри зэрыхэдгъэхъуэным дыхущIэкъунущ дяпэкIэ», - жиIащ Медведев Дмитрий.

«Дэ щэч къытетхьэркъым 2015 гъэм ирихьэлIэу сатуэ здэтщIыр доллар мелардищэм къыщымыну, мелард 200-м, уеблэмэ - 300-м зэрытхунэгъэсынум», - жиIащ КНР-м и Къэрал Советым и премьер Кацян Ли.

КъэралитIыр щызэдэлажьэну Iэнатlэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ энергетикэр. Псалъэм папщIэ, «Урысейщыдагъэ», CNPC компаниехэр зэгурыIуащ щыдагъэм щеГлэжь завод Тяньцзин щащухуэну. Ар 2020 гъэм яутIыпщынущ, зы илъэсым щIыдагъэ тонн мелуан 16-м елэжьыфынущ.

Иджыри дыгугъэ хъуну?

Къэралым аргуэру къыщырахьэжьэжащ щIымахуэгъэмахуэ эзманхэм теухуа псалъэмакъхэр.

Къэрал Думэм и фракциIым - «Урысей зэкъуэтымрэ» ЛДПР-мрэ - я депутатхэм къыхалъхьащ законопроектитI, щIымахуэ зэманым техьэжьапэм, апхуэдэуи гъатхэм деж гъэмахуэ зэманым хуэкIуэрэ бжьыхьэм и кIэм абы къытекIыжу щытыным теухуахэр.

«Сыхьэтыр япэ зэрыригъэщIар ди щIыхуэхэм хуабжьу къатохьэлъэ, лэжьэным ягу хьэмыхьэурэ зэман куэдыу ягъакIуэ. Абы и зэранкIэ къэралым илъэсым сом мелард 300-м къыщыщIэдзауэ - 600-м нэс фIокIуэда», - «Урысей зэкъуэт» партым щыщ, Урысейпсо цIыхубэ фронтым хэт Гутенев Владимир апхуэдэу щыжиIэ къыхилъхьа проектым теухуа и Iуэху елпыкIэр къыщигъэльэгъуа тхыгъэм. Депутатым къыхильхьэрт дызыкуэкIуэ тхьэмахуэ мазуэм сыхьэтхэр къэрагъэкIуэтыным, ауэ дэ къыдгуроIуэ абы ущыгугъ зэрымыкъунур. Апхуэдэу щытми, «УзытемыуIуэ бжэр къыпхуIуахыркъым», - жаIакъэ?

Сыхьэтхэр иджыпсту къыдгъэкIуэтыжь щIэмыхъунум и щхьэусыгъуэу нэхъапэм къагъэльэгъуауэ щытар ЩIымахуэ Олимп Джэгуэм хэтынухэм абы и зэран зэрежьынурщ. 2014 гъэм и жэпуэгъуэм сыхьэтхэр къагъэкIуэтыжыну ягъэхъыбархэми ягу фIы яхуещI къэралым и цIыхухэм.

НОБЭ

♦1914 гъэм Япэ дунейпсо заузм инджылызхэм къыщагъэсэбэпат зи калибр мм 457-рэ хъу топ.

♦ 1995 гъэм Инджылызым щыщ дохутыр Уэстеби Стивен цIыхугум и пIэкIэ токкIэ лажьэ гу ялэу ирильхат.

♦Жэпуэгъуэм и 23 - щэкIуэгъуэм и 1-хэм Хобарт (Австралие) щекIуэкIынущ Антарктикэм и тенджьыхэм хэс псоущ хьэхэр хъумэным теухуа комиссэм и зэIущIэ.

♦Жэпуэгъуэм и 23 - 24-хэм Москва щызэхэтынущ «ПIощIым я гупым» хьэлэ къэралхэм я унафэщIхэм я дзыхь зрагъэзэхэм я зэхуэс.

♦Жэпуэгъуэм и 23 - 27-хэм Тамбов щекIуэкIынущ Нобель конгресс - Нобель и сагуэтэр зыхуагъэфэщащэхэм я конференц-зэIущIэ. Ар ирагъэхьэщащ Нобель Альфред къызэралъхурэ илъэси 180-рэ, дунейпсо хъыбарегъащIэ Нобель центрыр къызэрыхэзрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ щрикъум.

♦Жэпуэгъуэм и 23 - 25-хэм Гродно (Белоруссие) щызэхэтынущ «ЩIыуэпсым теухуауэ дызыгъэпIейтейхэр» IX дунейпсо щIэныгъэ-практикэ конференцыр.

♦ Итальян сабий тхакIуэ щIэрыIуэ **Родари Джанни** къызэралъхурэ илъэс 93-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, уэшх тIэкIу къыщеШхынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 15, жэщым градуси 3 - 6 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар ЖЬЭКIЭМЫХУ Мариинэщ.

● Тэрч щыналъэ

Нартыхуэ Iуахыж

Тэрч районым нартыхуэ жылапхъэм и къехьэлIэжыным щоужьэрэкI. Куейм и тафэтес хозяйствэхэм мы илъэсым нартыхуэ хасар гъавэ щыIапIэу яIэм и Iыхьэ щанэ мэхъуэгектар мин 30.

ИУЖЬРЕЙ зэманым нартыхуэ бэв къэгъэкIыныкIэ Тэрч районым и мэкъумэщыщIэхэм бжьыпэр яIыгъщ. IэщlагъэлIэхэм зэрыжаIэмкIэ, апхуэдэ екъулIэныгъэр и Iэужьыщ жылапхъэфI зэрадIэмрэ агротехникэ лэжьыгъэ псори и чэзуэм зэрызэфIагъэкIымрэ. Плановскэ, Дейск къуажэхэр къапщтэмэ, системэхэр зыхуей зэрыхуагъэзам и фIыгъэкIэ гъавэм псы щIагъэльэдэну яхуэзэфIокI икIи зы гектарым зэрыуэ нартыхуэ центнер 80-м нэс къыщрахьэлIэ щыIэщ.

Тэрч районым и щIыпIэ администрацэм мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и управленэм и Iэтащхьэ Уэдыхъ Тимур щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, мы гъэм районым и мэкъумэш Iэнатlэхэм зы гектарым ику ину центнер 50-52-рэ къытрах. Ар илъэс кIуам кърахьэлIэжам нэхърэ нэхъ мащIэкъым.

ШЭРЭЗДЖ Дисэ.

● Щэнхабзэ

Иджы ещанэу

Налшык щыщIидзащ «Къафэхэр - Iуащхьэмахуэ и щыгум» Iуэрыlуатэ фестивалым.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым дыгъуасэ къэкIуащ Хорватием, Франджым, Тырким, Аргентинэм, Филиппинэхэм къикIа гупхэр. Пщыхьэщхьэм Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм иджы щещанэу къыщыщIэуахащ цIыхубэ гъуазджэм и махуэшхуэ дахэр - «Къафэхэр - Iуащхьэмахуэ и щыгум» дунейпсо Iуэрыlуатэ фестивалыр.

Ар ЮНЕСКО-м и Iуэрыlуатэ зэхуэсыщхьэхэм я дунейпсо махуэгъэпсым хагъэхьащ икIи абы и нэIэм щIэту йокIуэкI.

Хьэщ1э лъапIэхэм яхэтщ Iуэрыlуатэмрэ лъэпкъ гъуазджэмрэ я фестивалхэр къыззыгъэпэщхэм я Дунейпсо советым и лIыкIуэхэу Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Гурьянов Юрийрэ Тырким щыщ Улу Алийрэ.

ГЕРАСИМОВЗ Риммэ.

● Щэнхабзэ

Иджы ещанэу

Налшык щыщIидзащ «Къафэхэр - Iуащхьэмахуэ и щыгум» Iуэрыlуатэ фестивалым.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балькъэрым дыгъуасэ къэкIуащ Хорватием, Франджым, Тырким, Аргентинэм, Филиппинэхэм къикIа гупхэр. Пщыхьэщхьэм Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм иджы щещанэу къыщыщIэуахащ цIыхубэ гъуазджэм и махуэшхуэ дахэр - «Къафэхэр - Iуащхьэмахуэ и щыгум» дунейпсо Iуэрыlуатэ фестивалыр.

Ар ЮНЕСКО-м и Iуэрыlуатэ зэхуэсыщхьэхэм я дунейпсо махуэгъэпсым хагъэхьащ икIи абы и нэIэм щIэту йокIуэкI.

Хьэщ1э лъапIэхэм яхэтщ Iуэрыlуатэмрэ лъэпкъ гъуазджэмрэ я фестивалхэр къыззыгъэпэщхэм я Дунейпсо советым и лIыкIуэхэу Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Гурьянов Юрийрэ Тырким щыщ Улу Алийрэ.

ГЕРАСИМОВЗ Риммэ.

● Гу зылъытапхъэ

Нэхъыжьхэм яхуоупсэ

Зи ныбжь хэкIуэтахэм я махуэм ирихьэлIэу зэхуэблауэ мазэкIэ екIуэкIыну «ГумащIагъэ» Iуэхум хыхьэу, КъБР-м Лъэныгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм Налшык къалэм ЦIыхухэм Iуэхутхьэбзэ щыхуащIэ и центрым 2013 гъэм жэпуэгъуэм и 26 - 27-хэм ирегъэкIуэкI щыгъыныщIэхэм я жармыкI. Абы хэт хъунущ фоильхьэгъуэщIэхэр зиIэну хуей налшыкдэс нэхьыкьхэр.

ПащIэ жармыкIэр сыхьэти 10-м щыщIэдзауэ 16 хьуху щекIуэкIынущ мы хэщIапIэм: Налшык къалэ, Къэбэрдей уэрам, 1, Зыгъэпсэхуэнlэ паркым и къыщыфэ пэшышхуэм.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ.

● Узыншагъэ

Терапевтхэм я зэхуэс

Жэпуэгъуэм и 24-м Налшык щыззэхэтынущ Къэбэрдей-Балькъэрым и терапевтхэм я щIэныгъэ медицинэ зэгухьэныгъэм и IX зэхуэсыр.

КъБР-м и Медицинэ палатэ иджы-благъэ къыззрагъэпэщам и мурадхэмрэ къалэнхэмрэ теухуауэ зэIущIэм къыщыпсэльэнущ абы и тхьэмадэ, КъБКъУ-м факультет терапиемкIэ и кафедрэм и унафэщI профессор Iуэмэт Мурат.

КъБКъУ-м кIуэцIу узыфэхэмкIэ и кафедрэм и унафэщI, профессор Елгъэр Анатолэ зэIущIэм кьрихьэлIаэм и гугъу яхуищIынущ Кардиологэм я урысей лъэпкъ конгрессым, «Гу-лъынтхуэ узыфэхэр: щIэныгъэмрэ лэжьыгъэмрэ зэпыщIауэ» фIащу иджыблагъэ Санкт-Петербург щрагъэжьауэкIам, къырикIуаехэм. ЦIыхум и щхьэр зэIыхьэныр къызыхэкIым теухуауэ щытынущ КъБР-м Узыншагъэр хьэмэныкъэ куурортхэмкIэ и министерствэм и психо-неврологие диспансерым и кьудамэм и унафэщI, «Психиатрхэм я урысей зэгухьэныгъэм» и Къэбэрдей-Балькъэр щIыналъэ кьудамэм и тхьэмадэ Асанов Алим и къэпсэльэныгъэр.

Зэхуэсыр щекIуэкIынур Къэрал киноконцерт гъэльэгъуапIэрщ. Абы хэтынухэр ятхынущ сыхьэт 13-м къыщыщIэдзауэ 14 хьуху.

ЩОМАХУЭ Лилэ.

● Лъэпкъ Iущыгъэ

Пщэдджыжь хьэщIэ гъэхьэщIэгъуафIэщ.

ХэщIыныгъэ ягъуэтащ

Жэпуэгъуэм и 21-м пщыхьэщхьэр сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 50-м деж Урысейм Шынагъуэнщагъэмкlэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэу Бахчисэйр къалэм оперативнэ Iуэхуэгъэ щыIэфIэзыгъэкIхэм къатеуащ зэкIэ хэтми ямыубзыхуа, IэщэкIэ зэщIэуэзэда щIэпхъаджащIэхэр.

АБЫ ФСБ-м и лэжьакIуэхэм ящыщ зы щыхэкIуэдащ, етIуанэр уIэгъэ хьэльэу сымаджэщым яшащ.

ЗэкIэ къыззратамкIэ, хабзэхъумэхэм къатеуахэм ящыщ зыр террорист щIэпхъаджагъэхэр зэрилэжьам, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм я лэжьакIуэхэм ящыщхэр, къызэрыгуэкI цIыхухэр иукIыну зэрыхущIэкъуам къыхэкIыу къэрал псом къыщалъыхъуэ, республикэм щыIэ щхэрыплажьэ бандэхэм яхэщ.

Урысейм и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Сурэтыр **ТОЛIГУРОВ Камал** трихащ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым щІыхуэсм я узыншагъэр хъуэмэныр, экологие, ерыскъыпхъэ шынагъуэншагъэхэм я Іуэхугъэ ведомствоэхэм эзэдай и комиссэм хэтхэр къэнгъным тегъуауэ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэщтэн Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым щІыхуэсм я узыншагъэр хъуэмэныр, экологие, ерыскъыпхъэ шынагъуэншагъэхэм я Іуэхугъэ ведомствоэхэм эзэдай и комиссэм хэтхэу мы Указым щІыгъур.

2. Къару имыІэжу къэлтыгъэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм «Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым щІыхуэсм я узыншагъэр хъуэмэныр, экологие, ерыскъыпхъэ шынагъуэншагъэхэм я Іуэхугъэ ведомствоэхэм эзэдай и комиссэм хэтхэм ятеухуауэ» 2012 гъэм гъатхэпэм и 6-м къыдигъэкІа Указ №47-УГ-м и 2-нэ пунктым и ещанэ абзацым.

3. Мы Указым къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2013 гъэм фокІадэм и 2-м
№127-УГ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2013 гъэм фокІадэм и 2-м къыдигъэкІа Указ №127-УГ-мкІэ кьыщтащ

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым Щ1ыхуэсм я узыншагъэр хъуэмэныр, экологие, ерыскъыпхъэ шынагъуэншагъэхэм я Іуэхугъэ ведомствоэхэм эздай и комиссэм хэтхэр

Шевченкэ Ю. В. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм шынагъуэншагъэмкІэ, хабзэр хъуэмэныр Іуфльхэм пэщІэтын ІуэхугъэмкІэ и управленэм и унафэщІыр *(Ведомствоэхэм эздай комиссэм и унафэщІ)*

Бакъ Н. Хъ. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэм экологиемкІэ и министрым и къуэдзэр

Бэракъ Р. О. - ЩхъуакІуэхэм я хуитыныгъэхэр хъуэмэнымрэ щІыхуэсм псэукІэ тэмэм кхахуэзгъэпэщыныжмкІэ федеральнэ Іуэхугъэ Іэмэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щиІэ управленэм и унафэщІым и къуэдзэр *(зэрыгъэгурыІуам тету)*

Гаевэ А. А. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ушынагъэр хъуэмэнымрэ курортхэмкІэ и министрым и къуэдзэр

Емкъуж А. С. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ЩІым и хъугъуэфІыгъуэхэр къэгъэсэбэныпмкІэ и щІыналъэ агентствэм и унафэщІыр *(зэрыгъэгурыІуам тету)*

Несутулов В. Г. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Парламентым ЭкологиемкІэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэныпмкІэ и комитетым и унафэщІыр *(зэрыгъэгурыІуам тету)*

Расторгуевэ С. А. - Узыншагъэр хъуэмэным кІэлъыплъынымкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щиІэ щІыналъэ Іуэхущ1апІэм и унафэщІым и къуэдзэр *(зэрыгъэгурыІуам тету)*

Тисленкэ В. М. - Ветеринар, фитосанитар кІэлъыплъныгъэхэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щиІэ управленэм и унафэщІым и къуэдзэр *(зэрыгъэгурыІуам тету)*

Шал А. А. - Къэрал кІуэцІ ІуэхугъэхмкІэ министерствэ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щІыІэм экономикэ шынагъуэншагъэмрэ Іуфльхэм пэщІэтынымкІэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэр *(зэрыгъэгурыІуам тету)*

Шэлокъуэ В. В. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм шынагъуэншагъэмкІэ, хабзэр хъуэмэныр Іуфльхэм пэщІэтынымкІэ и управленэм и чэнджэщ1егъуэр *(Ведомствоэхэм эздай комиссэм и секретарщ)*

Шевченкэ Т. И. - Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм ЩІыуэпсыр къэгъэсэбэныпмкІэ и щІыналъэ къулыкъущІапІэм и унафэщІым и къуэдзэр *(зэрыгъэгурыІуам тету)*

Дунейпсо мардэхэмрэ хуитныгъэмрэ

«Европэм омбудсменым и щхьэхуитныгъэр къыдэрыщызэгъэпэщащ» зэІущІэ Инсбрук къалэм (Австрие) щекІуэкІащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ Щ1ыхуэхэм я хуитныгъэхэр хъуэмэнымкІэ федеральнэ уполномоченнэ Лукин Владимир зи пашэ Урысейм и лЫкІуэхэр.

КЪЭПСЭЛЪЭНЫГЪЭХЭМ къыхэщащ щІыхуэхэм я хуитныгъэхэр хъуэмэнымкІэ, хабзэхъуэмэ лэжьыгъэхэм зегъэужьынымкІэ омбудсменхэм къалэн ин зэрагъэзащІэр. Конференцэм къыщащта резолюцэм ипкъ иткІэ, щІыналъэхэм я парламентхэмрэ правительствохэмрэ къыхураджащ ООН-м я дэфтэрхэм къигъэуфІ дунейпсо мардэхэм, щІыхуэхэм я хуитныгъэхэм теухуауэ щІыІэ инитутхэм къагъэлъагъуэхэр я тегъэщІапІэу абыхэм я хуитныгъэр нэсу яхъумэну.

Европэм и омбудсмен Іуэхущ1апІэм и унафэщІэхэр зэІущІэм щ1ыхахащ. Апхуэдэуи, абы унафэ щащІащ къэпсэлъэныгъэхэр зэрыт тхылъ щхьэхуэ къыдагъэкІыну. Щ1ыхуэхэм я хуитныгъэхэр хъуэмэнымкІэ ЩхьэхуЕ-м и уполномоченнэу щ1ыІэ Зумакулов Борис и къэпсэлъэныгъэр тхылъэкІи иГъэлъэгъуащ, урысыбзэмрэ инджылызыбзэмрэ къигъэтІэсауэ.

ЦІыхуэхэм я хуитныгъэхэр хъуэмэнымкІэ КъБР-м уполномоченнэу щ1ыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

(КІэухыр. Пэщ1эдзэр 1-нэ нап.).

- Швед теплъэ зиІэ социализмэм нэхь ещхь?

- Ещхь дыдэкъым. Пэжым ухуейм, Швециер и щапхъэщ сату Іуэхур, экономикэм и Іэмальщ1эхэр, жылагъуэр гуныкъуэгъуэншэу псэуныр кьыззэгъэпэща зэрыхъум. Апхуэдэ щ1ыкІэр зэрыІэмалыфІыр кьигъэльэгъуащ абы. Ауэ кьыхэгъэщ1апхъэщ, скандинавие жыпхъэм дытемыпльэкъыкІыу дыпсэун хуейуэ зыми кьыззримыгъэувыр. Ди программэхэм кьыщ1игъэльэгъуа дэтхэн Іуэхуми и лъабжьэр Іуэхугъэ щхьэхуэ щ1ытыкІэрщ, псэукІэрщ.

- Зи гугъу пщІы Іуэхугъуэхэр кьызэрыгуэкІ щ1ыхуэм нэхь гурыІуэгъуафІэ щ1ыхьэн щхьэкІэ, «Щ1эр зи купщІэ социализм» жыхуэпІэр тхуэзэпкърыхьыт.

- «Щ1эр зи купщІэ социализмэр» - къэрал социальэ политикэ жьыдэжрщ, Урысейм и щ1ыхуэм псэукІэм ехьэлІа тынмыгъуэ кьыхуэзэригъэпэщынымкІэ щэсыпІэу кьэувы. Я1пэрауэ, ар унафэкІэ къащта мардэм тет улахуэрэр пенсэрэ къакъыныщ, ауэ щ1ыхьукІи щхьымрэ Іэмал имыІэу зыхуейм рэ кьызыщІэкІ мащІэрахьеу, атІэ псэупІэм щІэптын хуей пщІэри, зэрызыбгъэпсэхунри, нэгъуэщІхэри кьыпхудэхуэу щытыпхъэщ. Ар медицинэ Іуэхугъэбзэхэр пщІэнщ1у ц1ыхуэм яхуэщІэныр, технологие и лъэныкъуэкІэ медицинэ Іуэхугъэбзэхэ кьызэрымыкІуэхэм папщІэ щ1ы» кВотэжхэр Іуэхугъэныр. Медицинэр ди ц1ыхуэм я хэхъуэм, я псэукІэм, щ1ипсэу щ1ыпІэм емыльытауэ, псоми ялъэІэсу щ1ытыпхъэщ. Апхуэдэ дыдэуи дэдрительхъэщ щ1эныгъэ курыт, нэхьыщхьэ дэтхэнэми эригъэгъуэтыфу кьызэрэгъэпэщ1ыным. Щ1ыналъэ къудамэм и къалэныр партыр зиужь ит Іуэхугъуэхэмрэ яп э иригъэщхэмрэ ди ц1ыхубэм захещІэхэныр, ягурыщІэуІэныр. Абы папщІэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэр кьыдогъэсэбэп, хэхакІуэхэм дахуоэр, республикэ законхэр щ1ызэхальхьэжь, кьыщащтэкІэ кьыхьыдольхьэ.

- Уэ уэзреплъымкІэ, жылагъуэм и псэукІэр егъэфІэкІуэныр кьызытезыгъэувыІэр сыт?

- Къэралым и лъэпкъ ыныгъуэншагъэм нэхъыбэ дыдэу зэран хуэхъур, Іуэхуфіхэр къэзылъхьэр, сэ сызэрелъэІуэ. Щ1ыхьэ щ1ыІэ, щ1ытыкІэрщ, псэукІэрщ.

- Зи гугъу пщІы Іуэхугъуэхэр кьызэрыгуэкІ щ1ыхуэм нэхь гурыІуэгъуафІэ щ1ыхьэн щхьэкІэ, «Щ1эр зи купщІэ социализм» жыхуэпІэр тхуэзэпкърыхьыт.

- «Щ1эр зи купщІэ социализмэр» - къэрал социальэ политикэ жьыдэжрщ, Урысейм и щ1ыхуэм псэукІэм ехьэлІа тынмыгъуэ кьыхуэзэригъэпэщынымкІэ щэсыпІэу кьэувы. Я1пэрауэ, ар унафэкІэ къащта мардэм тет улахуэрэр пенсэрэ къакъыныщ, ауэ щ1ыхьукІи щхьымрэ Іэмал имыІэу зыхуейм рэ кьызыщІэкІ мащІэрахьеу, атІэ псэупІэм щІэптын хуей пщІэри, зэрызыбгъэпсэхунри, нэгъуэщІхэри кьыпхудэхуэу щытыпхъэщ. Ар медицинэ Іуэхугъэбзэхэр пщІэнщ1у ц1ыхуэм яхуэщІэныр, технологие и лъэныкъуэкІэ медицинэ Іуэхугъэбзэхэ кьызэрымыкІуэхэм папщІэ щ1ы» кВотэжхэр Іуэхугъэныр. Медицинэр ди ц1ыхуэм я хэхъуэм, я псэукІэм, щ1ипсэу щ1ыпІэм емыльытауэ, псоми ялъэІэсу щ1ытыпхъэщ. Апхуэдэ дыдэуи дэдрительхъэщ щ1эныгъэ курыт, нэхьыщхьэ дэтхэнэми эригъэгъуэтыфу кьызэрэгъэпэщ1ыным. Щ1ыналъэ къудамэм и къалэныр партыр зиужь ит Іуэхугъуэхэмрэ яп э иригъэщхэмрэ ди ц1ыхубэм захещІэхэныр, ягурыщІэуІэныр. Абы папщІэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэр кьыдогъэсэбэп, хэхакІуэхэм дахуоэр, республикэ законхэр щ1ызэхальхьэжь, кьыщащтэкІэ кьыхьыдольхьэ.

- Уэ уэзреплъымкІэ, жылагъуэм и псэукІэр егъэфІэкІуэныр кьызытезыгъэувыІэр сыт?

- Къэралым и лъэпкъ ыныгъуэншагъэм нэхъыбэ дыдэу

Гъащ1Іэм ехьэлІа законхэращ дгъэнэхъыщхьэр

хъунущ. Блэкіар мащІэми, сыт хуэдэ лжьыгъэхэр кьыхэбгъэщынт?

- Пэжщ, 2009 гъэм республикэм и ц1ыхуэхэм я дзыхь кьыдагъэзри, КЪБР-м и Парламентым и еплІанэ эзэхуэсыгуэм ди фракцэр кьыщ1эздгъэпэщ1ауэ щытащ. Абы хэтщ депутатэ 9, зыр щ1эныгъэхэм я докторщ, тІур кандидатщ.

Дадэ МуІэидэр Сумаев Ахьмэтрэ Гъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмкІэ, Спортымрэ туризмэмкІэ комитетхэм я нэхьыщхьэщ. Азыхэ Светланэ Щ1алэгъуалэ ІуэхугъэмкІэ, жылагъуэ зэгугъэныгъэхэмкІэ, хьыбарегъащІэ ІэнатіэхэмкІэ комитетым и унафэщІым и къуэдзэщ, Тау Арсен ЗаконодательствэмкІэ, къэралыгъуэныгъэмкІэ комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэщ. Фракцэм хэт адрей депутатхэр езым я Іэнатіэм елытауэ нэхь яп э Гъэнэгъуэкомитетхэм щ1ояжьэ.

Хабзэубзыкъу Іэхум и гугъу пщІымэ, ди депутатхэр жыдэкъру холэжьыхь закончэр зэхэзгъэувэнми, зэхьэжьныгъэхэр хэлъхьэнми. Ущ1э гуэрхэр кьыттыкьуэкІми, фракцэм хэтхэр дызэхотІысхьэри, зы гупсысэм дыхуокІуэ.

Сэ кьызэрысльытэмкІэ, фракцэм хэт дэтхэнэ зы ц1ыхуми езым и гупсысэ иІэжьыну, ар пхигъэкІыну хуитщ, ауэ дэр-дэру дызэгурыІуэу унафэ пыухыкІа кьэтщтэн хуейщ.

- Хабзэубзыку органым хэт адрей фракцэхэм дауэ фадэлажьэр?

- Псоми хьарзынэу даголажьэ. Сыт щхьэхуми, щ1ыпІэмэ, фракцэхэми, абы хэт депутатхэми кьагуроІуэ КъБР-м и Іэтащхьэ Кьаонокъуэ Арсен Парламентым кьыхуигъэува кьалэнжхэр яп э игъащхьи зэрыкІуэрэр, ар псом ятеу зытеухуар Къэбэрдей-Балькъэрым исхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэныщ. Абы ипкъ иткІэ, законым и проектыр кьыщытщтэкІэ е арэзы дыщытемыкІуэ-кІэ дызэпІыр кьыкъэзыльхьа фракцэракьым, атІэ ди ц1ыхуэхэм яфІ зыхэль Іуэхугъащ. Апхуэдэуи кьыхьэзгъэщ1ыну сыхуейщ, республикэм и Іэтащхьэм ди лъахэм щ1ылажьэ партхэм дэлэжьэну зэрригуапэр мызэ-мытІэу зэрыкиІар. Кьаонокъуэм и жэрдэмкІэ, парламент фракцэхэм я Іэтащхьэхэр ильэс ныкъуэ кьэс зэ абы дыхуоэзэ, ди упщІэхэм жэуап кьрет, ди еплЫкІэхэр жыдоІэ.

- КъБР-м и Парламентым и юбилейри кьэблэгъащ. Ди ц1ыхуэхэм сыткІэ захуэбгъэзэнт?

- Махуэшхэм ирихьэлІэу ди депутатхэм сехъуэхьуну сыхуейщ сыт щыгъуи псэукІэр езыгъэфІэкІуэн, сэбэныпмкІэ зыпылъ закон зэпэщ1ачхэр кьащтэну. Ди республикэм исхэм мамырыгъэр, зэкъуэтныгъэр, зэгурыІуэныгъэр я Іэпэгъуэ псэукІафІэ Тхьэм ищІ! Адыгэ усакІуэ, уэзщІакІуэ Пащ1э Бэчмырзэ и псалъэ Іущхэр ГъуаазэУ хуэхъуну сыхуейщ дэтхэнэ зым: «ЛІэщІыгъуэкІэ кьыззэдэжьа лъэныгъэр кьэкІуэнум пщІэ, щ1ыхь щрекъу! Ди бынхэми, дяпэкІэ кьыщтщІэхъуэнхэрэ я ц1эхэр жьыкъэ Тхьэм игъэлъ!».

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Электросетэгъэ

Щ1эрыщ1эу къапщытэж

«Урысейм и сетхэр» ОАО компание гупым хьыхь Кавказ Ищхъэрэм и щ1ыналъэхэм электрокъарур ятезыгуашэ Іуэхущ1апІэм и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм и лэжьыгъэр кьыззэгъэпэщ1ын Іэнатіэхэм бжьыкъэ-щ1ымахуэ гъэхъэнэм зыкъуэгъэхьэзыр ныр и кІэм нагъэблагъэ. Шофархэр, механикхэр, ухуакІуэхэр, котельнэхэм я операторхэр, сварщикхэр я пщэрылъхэм йогугъу, зэфІагъэкІаХэр щ1эрыщ1эу къапщытэж.

ЩЫНАЛЪЭ къудамэм и лэжьакІуэхэр кьыззэрыращхкІ транспорту 60, хьэлъэзешэу 37-рэ, автовышкэу, автокрану, электролабораторэу, экскаватору, бульдозэру 58-рэ, прицепу 10, автобусхэр, нэгъуэщІхэри иІэщ. Абыхэм ящыщ куэдым я пІалъэр кІащи, хухах мылъкум елытауэ, щ1эхэр къащ1эху. Нобэ ирихьэлІэу щ1ыхуэр кьыззэрыращхкІ транспортым и процент 58-р яхъуэжащ, нэгъабэ экскаватори 7 кьахуэкІуащ. Наплшк щ1ы» я хэщІапІэм техникэр щ1ызэрагъэпэщ1ыж лъэщапІэрэ гараж Іэхуитлъэхуиту 15 щ1ыхуащ, Іэмэпсымэхэр щагъэубащ, псоми я кІуэщІыр кьагъэпль.

Лэжьыгъэхэр псынщІэу зэрызэфІах машинэхэм, техникэ хэхахэм я щ1ытыкІэр егупъуу кьапщытэ. Іуэхущ1апІэм и транспорт псоми щ1ымахуэ щэрхьэр щ1адзынущ, я дагъэр яхъуэжынущ.

Къэбэрдей-Балькъэрым и щ1ыналъэ къудамэм транспорт, хозяйствэ ІуэхугъэмкІэ и Іэнатіэм и унафэщІ Гогаев Сергей зэрыжиІамкІэ, я кьалэн нэхьыщхьэр, дунейм и щ1ытыкІэм емыльытауэ, район электросетхэм я заявкэхэм япкъ иткІэ, зыхуей техникэр, хьэпъэхэр, Іэмэпсымэхэр, материалхэр нкІэщІыпІэкІэ абыхэм зэрэІэрагъэхьэным, тох кІапІсхэр зэрыззэгъэпэщ1ыжьхъэ щ1ыпІэхэм Іэщ1агъэлІэхэр псынщІэу зэрынагъэсыным сыт и лъэныкъуэкІи зыхуэгъэхьэзырыныр щ.

«Кавказ Ищхъэрэм и МРСК» ОАО-м и республикэ къудамэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Бахъсэн щІыналъэ

Бжьамийхэр яхъуэж

ЩхьтІоХъущ1ыкъуей кьуажэм и газ кІуапІэхэр пиоэтиленым кьыхущ1ыкІа бжьамийхэмкІэ зэрахъуэжам кьыхэкІыу, Бахьсэн район администрацэм и Іэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн «Газырягъыуащ» ОАО-м и унафэщІ Густов Сергей фІыщІэ тхъыль хунгъэхьащ.

2013 ГЪЭМ газ хозяйствэр зэрырагъэфІэкІуэнум, техникэкІэ кьызэрызэрагъэпэщынум теухуа программэм зэрыщ1ыубзыхуам ягу кІэзбблалъхьагъэ» ОАО-м и Іэщ1агъэлІэхэм давлен лъагэмрэ лъахъышмрэ тещІыхьа полиэтилен бжьамийтІ километритІкІэ ящкъуэдящ.

Къуажэдэсхэм зэрыжаІэмкІэ, гъэсыныпхъэр ирикъуу яІрохьэ.

- Щ1ыщІагъ псыхэр зэрыгъунэгъуэм кьыхэкІыу, зэпэрейхэр щ1ехьу жьы хъурти, зэпымыууэ щ1эрыщ1эу зэдгъэпэщ1ыкъыр, - кьыхигъэщащ а жьыпм щыщ Молэ Женэ.

Экспертхэм кьызэрагъэльагъэмкІэ, полиэтилен газ кІуапІэхэр ильэс 30-м хуэщІащ, ауэ 50-кІэ зекІуэнущ.

АЛОКЪУЭ Ариз.

● Къэрал Іуэхущ1апІэхэм

Іэнатіэ щхьэ-хуэ

Зи Іэнатіэ-гъэпсыкІэм сэкъат и1эхэм я Іэнатіэхэм я Іахуэзыгъэнуагъэ Щ1ыналъэм и хуэдэ ахъщ1эм 2014 - 2015 гъэхэм къэралым яхущІигъунущ.

КъБР-м Щ1ыхуэр лэжьыгъэкІэ кьызэрэзэпэщ1ынымкІэ и къэрал комитетым административнэ ІуэхугъэмкІэ и къудамэм и унафэщІ Афэщ1агъуэ Къантемыр зэрыжиІамкІэ, Урысей Федерацэм Лэжьыгъэмрэ социальэ хьэмэныжмкІэ и министерствэм и гъэхьэзырыщ нЫкъуэдыкъуэхэм Іэнатіэ хэха езыгъэтхэнэми етІанэгъэ щегъэжьауэ федеральнэ бюджетым щ1ыщу сом мин 69,3-м, 2015 гъэм - сом мин 72,69-м нэблагъэ зэрыратынум теуху унафэм и проектыр.

Мы гъэм и мази 8-м кьуиубыдэу ныкъуэдыкъуэу 79-м лэжьапІэ кьыхуагъуэтащ, Іэнатіэ хэха къэс хуэзэ сом мин 66,2-р ящ1ыззыгъэщащхэм хуэдэ ахъщэ.

КъБР-м Щ1ыхуэр лэжьыгъэкІэ кьызэрэзэпэщ1ынымкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Нэхъ пасэу зэфІагъэкІ

КъБР-м и Іэтащхьэ Кьаонокъуэ Арсен бадзэуэгъуэ мазэм Щ1эдзэм районым щ1ыщІам щ1ыхуэхэм зыкъыхуагъэзауэ щытащ «Кавказэ» федеральнэ автомобиль гъуэгумрэ Щ1эджэм ЕтІуанэ къуажэм Лениным и щІэр зезыхьэ и уэрамымрэ я зэблэкІыпІэм деж светофор щагъэувыну кьелъІуу. А лэжьигъэр зипщэ ирадльхьауэ щытар республикэм ТранспортымкІэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэрти, Іуэхур тхьэмахуитІкІэ нэхъ пасэу зэфІигъэкІащ.

КЪУМЫКЪУ Мадинэ.

● ПсэупІэхэр

УпщІэхэмрэ жэуапхэмрэ

Налшык щекІуэкІащ «ПсэупІэр зэйм и махуэ» зыфІащ1а Іуэхур. КъБР-м Энергетикэмкіэ, ЖКХ-мрэ тарифэ политикэмкІэ и министерствэр и щІэзгъэкъуэну ар кьызэрагъэпэщащ. «ПІсори я унэ мсщ» урысейпсо щІэнэгъуэлъэ зэщІэхьеенныгъэм и Къэбэрдей-Балькъэр къудамэм хэтхэм.

«ФЭТЭРЫР кьэзыщтам и махуэ», «Зэгъунэгъуэхэм я махуэ» фІэщыгъэщІэхэр яІуэ, жэпуэгъуэм и яп Іыхьэм а Іуэхур дуней псом щрагъэкІуэкІ.

Министр Кучменов ТІэхьир и жэрдэмкІэ, зэщІэхьеенныгъэм хэтхэр Налшык кьалэм кьатихуу зэтет и унэ кьызэрыгуэкІым щ1ыпсэуэхэм яхуэзащ. «Фэ фэІэщІагъэлІ ныбжьыщІэщ икІи фэтэр куэд хъу унэхэм щІэсхэр зыгъэпІейтей псоми фыщІыгъуэзэн хуейщ», - кьыхигъэщхьэхуэхІащ абы.

Зэ1ущІэм ирихьэлІащ министерствэм, кьалэ администрацэм я лэжьакІуэхэр, псэупІэр зезыхьэ «ЖЭК №8» ООО-м и унафэщІыр.

КьехьэкІ-нехьэкІ хэмылъу щ1ызэпсалъэм, хьэщІхэм жэуап ирагащ езыхэм я псэупІэм егъэщІылІа упщІэ зэмылІэужьыгъуэхэм. Апхуэдэщ1 унэр кьызыхуэтыншэу икІи кьызэрыгуэкІыну ремонт щ1ащІыну зэманым, ЖКХ-м щекІуэкІ реформэхэм я щІэгъэкъуэн фондым зэрыдэлажьэм теухуахэр, нэгъуэщІхэри.

Фэтэрыр зейхэр УФ-м и ПсэупІэ кодексым игъуэта зэхъуэкІыныгъэхэм хагъэгъуэзащ. Псалъэмакъыщхъуэ ирагІэкІащ унэм кІалъыплъ «ЖЭК №98» ООО-м и Іуэхущ1афэм. Зэман гъунэгъуэм зэфІагъэкІын хуейуэ кьалъытэ ложьыгъэхэм, компанием хуэІэ гукъеуэхэм теухуауэ анкетхэхэм кьыщІагъэІуа язныкьуэ упщІэхэм ООО-м и унафэщІ Мырзэкъан Б. жэуап яритами, зэхуэсахэр абыхэм нэгъэсауэ арэзы техъуакъым.

Министерствэм и лэжьакІуэ Пузанов Никитэ зэІущІэм хэтхэм гу лъагирэгъэщ1 псэупІэхэр зейхэмрэ аскэ зезыхьэ компаниехэмрэ мыльку зэхуэгъэкІыжІащ зэрыхуэкІуэм. Фэтэрыр зей дэтхэнэми ищІэн хуейщ щ1ыхьэпІэр и ахъшэкІэ зэрызэрагъэпэщ1ыжьщ, щ1ымахуэм зэрыхуагъэхьэзырыр, пщІантІэр зэІуэпэщ зэращІыр. Лэжьыгъэм и фІагъэм зэуІуу кІэлъыплъым, псэупІэ-коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэм я гасахэр и чэзум ятым, зэрыщІэу зэдзлажьэм унэр зыхуэй хуэзэнущ.

Налшык къалэ администрацэм ЖКХ-р реформэ щ1ынымкІэ и къудамэм и унафэщІ Нартокъуэ Фатімэ къыхигъэщащ унэр зэрызэрахьэр ягу иримыхьмэ, фэтэрхэр зейхэр зэхуэсу я компанием и Іуэхутхьэбзэхэм къапкІыну икІи нэгъуэщІым гурыІуэну зэрыхуитыр.

Зэ1ущІэм щызэгурыІуащ унэр зезыхьэ компанием и Іужьыгъэм кІэлъыплъыну гуп щхьэхуэ къыззрагъэпэщу, абы и унафэщІыр хахыну, зэфІагъэкІыну я мурадхэр ягъэбелджылыну.

КъБР-м и Энергетикэмкіэ, ЖКХ-мрэ тариф политикэмкІэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Зыщ1ыбгъэгъупщэ хъунукъым

Чернобыль АЭС-мрэ «Маяк» производствэ зэгугъэныгъэмрэ кьыщ1ыхьуа авариехэм пэщІэтахэр республикэм и щколакІуэхэм яІущащ. Ар щекІуэкІащ Налшык дэт лицей №2-м. Абы къыхьІІащ КъБР-м и Парламентым, Щ1ыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ, дин зэгугъэныгъэхэмкІэ, Лжьыгъэмрэ социальнэ зыужьныгъэмкІэ министерствэхэм я лэжьакІуэхэр, школ егъэджакІуэхэр.

РЕСПУБЛИКЭМ и муниципальнэ куейхэм кьыкІа хьщІэхэм еджакІуэхэр щагъэгъуэщащ гуауэхэр кьызэрыхьуа щ1ыкІэм, ц1ыхуэхэр лІыгъэ яхэлъу абыхэм зэрапэщІэтам. Ныбжьыщ1эхэр щ1эущІащ зэрызэхуэмэжа Іэмалхэм, радиацэм кьиІэ насыпныншагъэхэр зыхуэдэм, а щ1ыпІэм ухьыщІэн папщІэ узэрыщкІэтыпльыжьын хуейхэм.

«Си гуапэщ, нобэ Хэкум и кьыщхьэщ1ыжакІуэ нэсхэм даІуэщІэну Іэмал зэрыдгъэзтар. Абыхэм ялъэкІ кьагъэнакъым, я псэ еблэжакъым насыпыщІагъэр кьагъэувы-Іэн, щ1ылъэр кьраГъэлъын папщІэ», - жиІащ КъБР-м и Парламентым и комитетым и Іуэхущхьэ **Хьщхьэлъ Татьянэ.**

Чернобыль АЭС-м авариер кьыщагъэувы-Іэну Къэбэрдей-Балькъэрым икІа цІыху 2500-м ящ1ыщу, нобэ псэуу кьэнар цІыху 702-рэщ. Кьыхэжаныкъ куэдым ираташ «ЛІыхъужьыгъэм папщІэ», «Хэхуагъэм папщІэ», «Щ1ыхуэр аращ ямыгъэкІ» зэрыдгъэлам папщІэ» дамыгъэхэр, медалхэр.

«Чернобыль къыщ1ыхъуа насыпыншагъэр дэтхэнэми и гум кьинащ. АбыкІэ кьалъытэр насыпыншагъэр зэрынн къудейкІым, атІэ абы хэтахэм лІыгъэр зэрахьар зэрыабрагъуэри зыщ1ыдгъэгъупщэ хъунукъым.Ахэр ажалым хуэкІуэрт, зыгъэІэну радиацэм хьхьэрт, нэгъэущІхэр псэуу кьрагъэлъын папщІэ. Апхуэдэ щапхьэхэрщ ди щІэблэр зыщІэтпІыкІыпхъэр»,- кьыхигъэщащ КъБР-м ц1ыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ, дин зэгугъэныгъэхэмкІэ и министрым и къуэдзэ **Миннин Вячеслав.**

Чернобыль къыщ1ыхьуа гуауэм хэтахэм пщІэ зэрыхуащІым и кІэщинэу, лицейм и еджакІуэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ концерт программэ къызэрагъэпэщащ: школакІуэхэр уэсэ кьеджащ, кьафорэ уэрэдкІэ хьэщІэхэм зрагъэгъэпсэхуащ.

КъБР-м Щ1ыхубэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ, дин зэгугъэныгъэхэмкІэ министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Налшык къалэ

«ДэкІуеипІэ гъуэжьхэр»

Налшык къалэм и поликлиникэхэр хьыхащ КъБР-м и Парламентым и деж щыІэ Щ1алэгъуалэ палатэм и жэрдэмкІэ нрагъэкІуэкІ «ДэкІуеипІэ гъуэжьхэр» Іуэхущ1апІэм.

ДОХУТЫР Іуэхущ1апІэхэр ильэс етІуанэ хуІуэу апхуэдэ щ1ыкІэкІэ щІэтэкъуэн хуохуэу Нэфхэм я урысейпсо зэгугъэныгъэм и щ1ыналъэ къудамэм. Зи нэхэм тэмэму ямыльагъу щ1ыхьэ папщІэ Іуэхущ1апІэхэм я щ1ыхьэнІэ нэхьыщхьэхэм я дэкІуеипІэхэм ящ1ыщу тІу - и лъабжьэмэ и щхьэмэ щ1ыІэхэр - лэч гъуэжьыфэкІэ ялэнущ.

ЩОМАХУЭ Лилие.

«Нал цыкIу» и унафэщIхэмрэ балетмейстерхэмрэ.

Къанокъуэ Арсен

Фырэ Руслан

Хьэфыщ1э Мухьэмэд

Хъун Шэукън *(Израиль)*

● Пшыхьхэр

«Нал цыкIу» ансамблым и махуэшхуэ

Профсоюзхэм Щэнхабзэмкl1э я унэм зэхыхьэ гуапэ щекIуэкIащ. Абы щагъэлъэпIащ Урысейм щапхъэу, республикэм фым я фIыку къыщагъытэ «Нал цыкIу» сабий ансамблыр къызэрыгъэрагъэпэщрэ илъэс 25-рэ зэрырикъур.

«НАЛ ЦЫКIУ» ансамблым и къэфакIуэхэм пшыхьыр къызэрызэIуаха къафэ екIым зэхуэсахэм дэрэжэгъуэ нн ящитащ. ЖыпIэнуракъэ, лъэпкым и щэнхабзэм ухэзыгъэгъуэзэ къафэм и бзэр псалъэншэу дэтхэнэ зым и дежкIи гурыIуэгъуэт. ЛIэщыгъуэкIэрэ лъэпкым къыдекIуэкI къафэ гъуазджэр зыхъужмэ, абы зезыгъэужь щIэблэ дыззриIэм дэтхэнэми ди щхьэр лъагэу дигъэлъагъуэжырт. Гур хагъахъуэрт нэхъ цыкIу дыдэхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я утыку итыкIэ дахэм. Iэдэбу, зэкIужу, я бгыр псыгъуэрэ я пкыр ухуауэ утыкум ит щIалэхэмрэ хьыджэбзхэмрэ, къафэ гъуазджэм къыдэкIуэу, лъэпкым и щэнхабзэ хъугъуэфыгъуэхэм, хабзэм, зыIыгъыкIэм, дуней тетыкIэм зэрыхащIыкIым гу лъыптэрт.

Къафэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ теухуа гуфIэгъуэ пшыхьым зыкърагъэхьэлIащ КъБР-м и Iэтащхьэ **Къанокъуэ Арсенрэ** абы и къуэ **Альбертрэ**, ди республикэм щэнхабзэмкIэ и министр **Фырэ Руслан**, Кавказ Ищхьэрэм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыкIа хьэщIэхэм, гъуазджэр фIыуэ зылъагъуэхэм.

Къанокъуэ Арсен езым и щхьэм, КъБР-м и Правительствэм къабгъэдэкIыу «Нал цыкIу» ансамблым и гъэсакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ ехъуэхъуащ щапхъэ зытрах ансамбль щIрыIуэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъум папщIэ. Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщащ гупым и зэфIэкIым зэрыщыгъуазэр, дуней псом щекIуэкI зэхьыхьэхэм щIыналъэм къыбгъэдэкIыу зэрызыкъыщигъэльагъуэр, зэпеуэ зыбжанэм пашэ щыхьуа ансамблыр къафэ гъуазджэм гукIи псэкIи зэрыхэтым щыхьэт зэрыгехъуэр. КъБР-м Щэнхабзэмкlэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ цIэр - **Куэшей Алик**, щапхъэ зытрах ансамблым - къэрал щыхьыщIэр зэрыхуигъэфэщам теухуа хьыбар гуапэр абы кынциIуатэм, кърихьэлIаХэм Iэгуауэшхуэ иIэтащ.

«Нал цыкIу» ансамблым и къэфакIуэхэм ехъулIэныгъэ, узыншагъэ, насып я куэдыну Фырэ Руслан ехъуэхъуа нэужь, жиIащ зи махуэшхуэр зыгъэлъапIэ «Нал цыкIум» Къанокъуэ Арсен автобускIэ зэрыхуэупсэр, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм кьабгъэдэкIыу лъэпкъ пшынэ тыгъэ зэрыхуащIыр.

Къэфакlуэ гупым ехъуэхъун мурадкlэ пшыхьым зыкърагъэхьэлIащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхъэмадэ, Дунейпсо Адыгэ Академием вице-президент, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Хьэфыщ1э Мухьэмэд**, КъБР-м егъэджэныгъэмкlэ и министрым и къуэдзэ **Геккиев Сулътlан**, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ **Дол Анжелэ**, Музыкэ театрым и унафэщI, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бэрэгъун Руслан**, Къэбэрдей-Балъкъэр ВГТРК-м и унафэщI **Къэзанш Людмилэ**, КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм щыхьбэ творчествэмкIэ и методикIэ центрым и Iэтащхьэ **Жыгэ Анатолэ**, Израильым и Кфар-Камэ, Рихьэние адыгэ къуажэхэм я IыкIуэ Хъун Шэукън, Дунейпсо Арткомитетым и Кавказ Ищхьэрэ къудамэм и унафэщI **Бетыгъуэн Iуес**, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ институтым кьафэмкIэ и факультетым и декан **Пыхьхьужь Ириз** сымэ.

Хьэфыщ1э Мухьэмэд «Нал цыкIу» ансамблым ехъуэхъуащ къэралым и дамэм щIэува гупым дяпэкIи и зэфIэкIым хигъэхъуну, еф1экIуэну, къафэ гъуазджэм дихьэх цыхухэм гъэщIэгъуэн, щIэщыгъуэ куэд ригъэлъэгъуну зэригуапэри жиIащ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэр дызэрыгушхуэ, нэхъыжьхьэми нэхъыщIэхэми фIыуэ тпъагъу «Нал цыкIу» ансамблым и гуфIэгъуэ махуэшхуэм цыху куэд зэхуишэсащ. Урысейм, республикэм и щэнхабзэм, къафэ гъуазджэм ансамблым хуищIа хэлъхьэныгъэр къэлъытэгъуейщ. АбыкIэ фIыщIэ хуэфащэщ гупым и художественнэ унафэщI Куэшей Алик, Щ1эблэр гъэсэным, Кавказым и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ щIэпыкIыным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Налшык къалэ округым и администрацэм, абы и Iэтащхьэ Хьэгъэс Залымджэрий къыбгъэдэкIыу сынывохьуэхьу гупым фи зэфIэкIым ехьулIэныгъэфIэр кыыпэкIуэну, фи щIэр дуней псом фIыкIэ щыIуну, - жиIащ Дол Анжелэ.

Зи хьыджэбзыр илъэс зыбжанэкIэ мы гупым къыщыфа **Къэзанш Людмилэ** адэ-анэхэм кьабгъэдэкIыу «Нал цыкIу» ансамблым и гъэсакIуэхэм фIыщIэ яхунщIащ илъэс зыбжанэ хъуауэ сабийхэр лъэпкъ щэнхабзэм, гъуазджэм зэрыдрагъэхьэхым, щIэблэм кьафэр зыхалъхьэ щымыIэу къызэрагъэхъум, щIналъэм, лъэщкIи я зыужьынигъэм хэлъхьэныгъэфI зэрыхуащIым папщIэ.

Утыкум ирагъэблэгъащ Ингуш Республикэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, «Нал цыкIу» ансамблыр къызэзыгъэпэща икIи абы и художественнэ унафэщI Куэшей Алик, сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ папщIэ къызэрагъэпэща «Нал цыкIу» псапащIэ фондым и унафэщI **Борсэ Хьэпишэт**, Ингуш Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ, балетмейстер **Битокъуэ Оксанэ**, «Нал цыкIу» ансамблым хэтауэ щыта, иджы и балетмейстерхэу **Мэмрэш Маринэрэ Борсэ Русланрэ**.

Бетыгъуэн Iуес Дунейпсо Арткомитетым кьыбгъэдэкIыу «Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр» орденым и кавалер щIыхьыщIэр хунгъэфэщащ Куэшей Алик, лъэпкъ щэнхабзэм, къафэ гъуазджэм щIэблэр щIэпыкIыным хэлъхьэныгъэфI зэрыхунщIам папщIэ. Апхуэдэуи Урысейм и Лъэпкъ Ассамблеем кьыбгъэдэкI щIыхь тхыльхьэмрэ дыщэ медалхэмрэ Борсэ ХьэIишэт, Битокъуэ Оксанэ, Мэмрэш Маринэ, Борсэ Руслан сымэ тыгъэ яхунщIащ, къэралым и лъэпкъхэм яку дэль зэнибжьагъэр гъэбыдэным, щэнхабзэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфI зэрыхуащIам папщIэ.

- «Нал цыкIу» ансамблым и художественнэ унафэщI Куэшей Алик, гупым и балетмейстерхэм, и гъэсэн цыкIуэхэмрэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ я мызакъуэу, республикэ псом и гуфIэгъуэ махуэшхуэщ, - жиIащ ТIыхъужь Иринэ. - Республикэм, къэралым, дуней псом щекIуэкI щэнхабзэ зэхыхьэхэм, зэпеуэхэм мызэ-мытIэу щытекIуа мы гупым и зэфIэкIым дрогушхуэ. Гуапэщ лъэпкым и къафэ гъуазджэр дунейпсо утыкум зэрырахьэр. ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхьэрэ институтым зэгуэр щеджауэ щытащ «Нал цыкIум» и гъэсакIуэхэр. Иджы езыхэм я гъэсэнхэр ди еджапIэм къыщIогъыхьэри, абыхэм я зэфIэкIым иригушхуэ хьунущ. ЩIынальэм мыпхуэдэ къэфакIуэ гупхэр диIэху республикэм къафэ гъуазджэм зыщIнужьынущ, щIэупщIи щиIэнущ. Ансамблыр дяпэкIи еф1экIуэну, щапхъэ игъэльагъуэу, зэфIэкI иIэу утыку итыну ди гуапэщ.

Адыгэ, Осетие Ищхьэрэ-Аланиe, Ингуш, Дагыстэн, Шэшэн республикэхэм, Ставрополь крайм къикIыу гуфIэгъуэ пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIа ансамблхэм я художественнэ унафэщIхэр гупым ехъуэхъуащ насып, узыншагъэ, гуфIэгъуэ щымыщIэну. Ахэр кIэщу къытеувыIащ «Нал цыкIу» ансамблыр куэд щIауэ зэрагъэныбжьэгъуми.

Апэнэс Астемыр игъэзащIэ «Нал цыкIу» уэрэдым (псалъэхэр Апэнэс Валерэ ейщ) къыдэфащ гупым и къэфакIуэ нэхъ цыкIу дыдэхэр. Ялэ дыдэу утыку къихьа, лъэпкъ фащэр къызыщылыдыкI сабийхэм я къэфакIэм гур хигъахъуэрт. Ялэ лъэбакъуэ зыча, дяпэкIэ утыку куэд зыгъэбжьыфIэну цыкIухэм Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ.

Пшыхьыр езыгъэхIуэкIхэм зэхуэсахэр хагъэгъуэзащ «Нал цыкIу» ансамблым и къекIуэкIыкIамрэ и зэфIэкIымрэ. Гупыр 1987 гъэм Куэшей Алик къызэригъэпэщащ. Къэралым и мызакъуэу, дуней псом щекIуэкI зэпеуэхэм гупыр мыпэ-мыгIэу пашэ щыхьащ. Кавказ Ищхьэрэм и республикэхэм Щэнхабзэмкlэ я министерствэхэм я щыхь тхыльхэр къыхуагъэфэщащ. Абы зыкъыщигъэльэгъуащ Тыркум, Алыджым, Израильм, Йорданым, Словениеми, Франджым, нэгъуэщI щIынальэхэми.

«Нал цыкIу» ансамблым къафэрэ уэрэдкIэ ехъуэхъуащ Кавказ Ищхьэрэм и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ щIэрыIуэхэр: Осетие Ипщэ, Ингуш, Адыгэ, Къэбэрдей-Балъкъэр республикэхэм щыхь зиIэ и артист Хьыжырокъуэ СулътIан, КъБР-м щыхь зиIэ и артист Зеущэ Iуес, УФ-м щыхь зиIэ и артист Ташло Алий, ХьэхъупащIэ Амырхан, Адыгэ Республикэм щыхь зиIэ и артист Быштокъуэ (Быштэ) Аэмэт, Къуэдзокъуэ Алим, «Кабардинка», «Балкарие», «Кавказ пшэпIлъхэр», Шбрджэхэр», «Къафэ», «Кавказ», «Дети Кавказа», «Пшынауэ» (Къэбэрдей-Балъкъэр), «Мейкъуапэ пшэпльхэр» (Мейкъуапэ), «Маленький джигит», «Бонварион» (Осетие Ищхьэрэ-Аланиe), «Скифхэр» (Осетие Ипщэ), «Дети Кавказа» (Дагыстэн), «Зори Ингушетии» (Ингуш), «Адат» (Абхъаз), «Золотое руно» (Ставрополь край) къэфакIуэ гупхэр.

Пшыхьым къыщеджащ Урысейм, Кавказ Ищхьэрэм я щIынальэ зэмылIэужьыгъуэхэм, ди республикэм и Iуэхущ1апIэхэм къагъэхьа хьуэхьу тхыгъэхэм.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

ЧЕХОВ Антон

Хъыбар зэшыгъуэ

Зи жьы хъугъуэм и тхыгъэхэм щыщ

(КIэлыкIуэр. Пэщдзэзэр №№170-172, 207-хэм ятщ).

Сыт хуэдизкIэ апхуэдэ щыщIэныгъэхэр мыкуэдами, щхьэжагъуэ е шхыдэрей абы ищIыфынур гу зыкIуэцIымыль щIыхь дзыхэрщ. А псори зэхэмызэкъэхъу, щIэхъуцIэхыурэ зызыхьэж защIэщ икIи зэрыщIту цIыхум и псэукIэм ехащ. Зы ильэсипщI хуэдизфIэкIа хуеиткIым ахэр кIуэдыи е я пIэм щымыIэу дримыхъуну нэгъуэщI ныкъусанытъщIэхэр, гу зыкIуэцIымыльхэр зыгъэшынэхэр, кIынвэн пащIэ. Студентхэм ядэсльагъуэхэм сэ Iэджэрэ сагъэбампIэ, ауэ а бампIэр зыririкIщ, ильэс щэщIым и кIуэцIкIэ еджакIуэхэм сащцIэзуэрщIэкIэ, лекIэ сакъыщцIыхуеджакIэ, я зэхэтыкIэм сыщцIыхэпльэкIэ, итIанэ езыхэм емыцIхэм щезгъапщIэкIэ, сиIэ гуфIэгъуэм елытатэу.

Михаил Федорович мэубэ, Катя абы йодаIэ, ауэ тIыгу гьлатэркъым апхуэдэу зэштегъэу кIабзэу фэ тету цIыхум ухуэпсэлъэн жьыхэпIэм хуэм-хуэмурэ ахэр здилъэф щыхупIэм. Абыхэм зыхащIэркъым кIыгъэригуэкI псалъэмакъыр кIуэр пэтми ныкъуакъуэмрэ фэтехьимрэ зэрыхуэхIуэр, езы тIуми Iэмал нэпцIхэрэ къагъэсэбэпын зэрыщIадзэр.

- Уи къэмэхьи къэзыгъакIуэ гъэрхэм ерохьэлэ, - жеIэ Михаил Федорович. - СыкъокIуэ дыгъуасэ ди Егор Петровичрэ дежи, а фи медикхэм ящыщ зы студиоз, ещанэ курсым щIэс си гугъэжщ, щIэсу срохьэлIэ, И нэкIур моуэ... добролюбовыфэ тету, акъыл натIэ хъужащ. Дызэпсэльылащ. «Арам-тIэ, щIалэ, жызоIэ. Нэмыщ гуэрым, и унэцIэр сщIэгъупщэжащ, цIыху щхьэкуцIым алкалоидыщIэ - интим - къыщцIигуэтауэ сыкъеджащ».

ЛIот-тIэ фи гугъэр? И фIэщхьэщ, абы къыщцымынэу, пщIэ къызэрысхуэщIри и нэкIум къыщигъэльэгъуащ: дэ тхуэдэ щыIэ жыхуиIэу! Хьэмэ зымахуэ театрым сыкъокIуэ. СотIыс. Си пащхьэ дыдэм, къыкIэлыкIуэ сатырым тIу щысу: зыр «дэ тхуэдэхэм» ящыщщи, юристу фэ тетщ, адрей щхьэ къуацэр медикщ. Медикыр чэф хьэлъэщ. Сцеиэр - щыIи щымыIи. Мэщхьэукъуэри щысщ. Ауэ актёр гуэр хуэбжьу монолог кьеджи щIидзэмэ, е ещанэ и мэкъыр дримыхъуну нэгъуэщI ныкъусанытъщIэхэр, гу зыкIуэцIымыльхэр зыгъэшынэхэр, кIынвэн пащIэ. Студентхэм ядэсльагъуэхэм сэ Iэджэрэ сагъэбампIэ, ауэ а бампIэр зыririкIщ, ильэс щэщIым и кIуэцIкIэ еджакIуэхэм сащцIэзуэрщIэкIэ, лекIэ сакъыщцIыхуеджакIэ, я зэхэтыкIэм сыщцIыхэпльэкIэ, итIанэ езыхэм емыцIхэм щезгъапщIэкIэ, сиIэ гуфIэгъуэм елытатэу.

Михаил Федорович мэубэ, Катя абы йодаIэ, ауэ тIыгу гьлатэркъым апхуэдэу зэштегъэу кIабзэу фэ тету цIыхум ухуэпсэлъэн жьыхэпIэм хуэм-хуэмурэ ахэр здилъэф щыхупIэм. Абыхэм зыхащIэркъым кIыгъэригуэкI псалъэмакъыр кIуэр пэтми ныкъуакъуэмрэ фэтехьимрэ зэрыхуэхIуэр, езы тIуми Iэмал нэпцIхэрэ къагъэсэбэпын зэрыщIадзэр.

- Уи къэмэхьи къэзыгъакIуэ гъэрхэм ерохьэлэ, - жеIэ Михаил Федорович. - СыкъокIуэ дыгъуасэ ди Егор Петровичрэ дежи, а фи медикхэм ящыщ зы студиоз, ещанэ курсым щIэс си гугъэжщ, щIэсу срохьэлIэ, И нэкIур моуэ... добролюбовыфэ тету, акъыл натIэ хъужащ. Дызэпсэльылащ. «Арам-тIэ, щIалэ, жызоIэ. Нэмыщ гуэрым, и унэцIэр сщIэгъупщэжащ, цIыху щхьэкуцIым алкалоидыщIэ - интим - къыщцIигуэтауэ сыкъеджащ».

- Содэ, - жеIэ Катя.

- Тэмэмщ. Апхуэдэу щыхъукIэ, иджыри зы птулкIэ щхьатхуэгъэхьыж-тIэ.

Шэху уэздыгъэхэр яIыгъыу тIуми сенэм сыщIашыжри, дж эдыгур щысТэгъэжьыу Михаил Федорович жеIэ:

- Иужьрей зэманым гъуIей ухъуащ, нэхъ жьыфи кIыптеуащ, Николай Степановичрэ. Сыт кIыпщыщIар? Усымаджэ?

- НтIэ, тIэкIу сысымаджэщ.

- Зигъэхьжькъым икIи, - нэщхьыщу кIыпегъэувэ Катя.

- Сыт-тIэ зыщIымыгъэхьужыр? Дауэ апхуэдэу зэрыхьунур? Хьэрычэт пщIэмэ, берычэт хэсIыхьэнщ жиIащи, си псэм хуэдэ. Фыфейкъэм схущIэупщIэжи, сынызэрымыкIуэр я жагъуэ ямыщIыныи схуажеIэж. Мыгувэу, хамэ кьэрал сыкIуэн и пэкIэ, сэлам фэсэхьжыну сыныщIыхьэжщ, Iэмал имыIэу! Тхъэмахуэ кьакIуэ сожьэ.

Зысшыхьыжу, си узым теухуа псальэмакъэм сагъэшынауэ, сигури си щхьэри зэбгъэжу сыкъыщIокIыж Катя деж. СызоупщIыж: нтIэ, пэжу, ныбжьэгъуэхэм языхэз зэзгъэIэзэмэ мынэхьыфIу пIэрэ? ЗанщIэуи си нэгу кIыщIоувэ ныбжьэгъур, кьыхэдэIуэн ныхэ нэужь, щыщ щхьэгъубжэм бгъэдыхьэу, гупсысэу икIи пэжыр и нэкIум ямыкIыжыкIын хуэзэу, кьыхэзфимыгъэIуэхуурэ «Зэкъэ ямылей льэпкъ сльагъурыкъым, коллегэ, ауэ егъэджэнрыбжу зэпыбгъэуамэ нэгуфIыгъэ, - зэрыкIынур.. Аращи, абы сызыщIагугъынсимыIэжу сыкъыгъэнэнущ.

Хэт гугъэ зимыIэр? Иджыз, сэ езым си лажьэр къэсхуэтэжурэ сызэрызэIэзэжьым хуэдэу, Iэджэрэ сыщогугъэ зэрыхэзмыщIыкIым сыкъыгъапцIэу, кьызыхэзгъэутэж белокымрэ фошыгуэмрэ, пщэдджыжьитI хьуауэ зыдэсльагъуэж гуэрхэм ятеухуауи сыщыуэу. Тхьэсхьэхрилэм ещхьэу, кIуэцI узхэм теухуа тхьыльхэр псэмыблэжу щIэзджыкIыжурэ махуэ къэс хущхьэхэр щыIэсхуэжкIи, си гум псэхуГъуэ.

ЧЭРИМ Марянэщ.

(КъыкIэлыкIуэнущ).

● Теплъэгъуэхэр

Пщащэ дахэмрэ адыгэш гъэсамрэ.
Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

● Май щыналъэ

Сабий зеиншэхэм - гулъытэ хэха

Май районым ЕгъэджэныгъэмкIэ и Iуэхущапlэм и Iэтащхьэ Маерлэ Галинэ и нэIэм щIэту Май къалэм щеIэрыонымрэ щытыкIэ гугъу кIыхута сабийхэм я хуитыныгъэр хьумэным теухуа конференцэр.

АБы кърихьэлIащ Сабийхэм я хуитыныгъэр хьумэнымкIэ уполномоченнэу КъБР-м и Iэтащхьэм и деж щыIэ **Iуэгъуэ Светланэ**, Май районым администрацIэм и Iэтащхьэ **Марченко Валентинэ**, КъБР-м и Парламентым и депутат **Карнавлико Павел**, кьуажэ администрацIэхэм я Iэтащхьэхэр, курыт школхэм я унафэщIхэр, психологхэр, хабзэхьумэ Iэнатlэм и лажьэкIуэхэр, нэгъэщIхэри.

Унагъуэм ипlэ иуэ Iуэхущlапlэхэм зегъэужьыным, зеиншэ щымыгъэIэным теухуауэ къэпсалъэщ **Тменовэ Залинэ**. Абы къыхигъэщащ зы Iуэху дэмыкI унагъуэ зэрымыщIауэ 43-рэ учетым зэрыщытыр, унагъуи 107-м сабии 155-рэ къащтауэ зэрапlэр. ИрагъэкIуэкI пажьыгъэхэм, кьаIэта упщIэм ехьалIауэ районым и Iуэху зыIутым тепсэльыхьащ Iэщ1агъэлI зэмылIужьыгъуэхэр.

ЖьаIахэм ядэIуа нэужь, Iуэгъуэ Светланэ игъэбелджылащ районым щекIуэкI лэжьыгъэм ярэзы кьызэрищIыр. Апхуэдэуи кьыхигъащ сабийхэм я хуитыныгъэхэр хьумэным телажьэ псоми я пащхьэ ит кьалэн нэхъыщхьэр дэтхэнэ зыри кьыщцIахуа унагъуэм щапlыжьныр къызэгъэпэщащыр зэрыраР. Абы папщIэ Iуэху бгъэдыхьэкIэщIэхэр къыхэлъхьэн хуейщ.

- Ди жагъуэ зэрызэпхущи, Къэбэрдей-Балъкъэрым ис сабий мин 200-м ящыщу мини 2-р зеиншэщ. Май районым щыпсэу мини 8,5-м щыIэ. Iуэху 160-рэ апхуэдэу зэхэсIкIащ. Республикэм къыщыхъу ныбжьыщIэ 300-м нэблагъэ къэралым епI. Зы ильэсым къриубыдэу зы сабийм сом мин 200-м щегъэжьауэ 300-м нэс токIуадэ. Ауэ ахъшэр сыт хуэдизкIэ куэдми, абы адэ-анэр яхуэзэрихьэуэкIынукъым. «Урысейм зеиншэ имысу» къыхуеджэнырэ Бжэныкlэ Рустам бзаджащIэхэр жэпуэгъуэм и 18-м автоматкIэ кьытеуащ. Iэщэнщэ офицеры игъэзэта уIэгъэхэм ялъэкIым. Абы и ныбжьыр илъэс 25-рэ хъууэ арат.

БжэныкIэм къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ органэм '2009 гъэм лэжьэн щыщIидзащ. Иужьрей къулькъум 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м пэрыувауэ щытащ. Унагъуэщ, сабий цIыкIуитI кьыщIэнащ.

Светловодскэ кьуажэм и участковэ уполномоченнэ полицэм и капитан Бжэныкlэм и нэIэм щIэт щIыпlэм щыпсэу дэтхэнэри ицIыхурт, щIалэгъуалэр мыгупсысэу ямыкъэзэгъэр ямылэжьыным щихьумэрт, нэхъыжьхэм защIигъэкъуэну сыт щыгъуи хьэзыгъ.

ГУЭЩОКЪУЭ Дисэ.

● Лыгъэ

Илъэс 25-рэ хъууэ арат

Боевикхэр Iэщхьэ кьытеуэу хэкIуэда полицэм и капитан Бжэныкlэ Рустам щэбэт кIуам Дзэлыкъуэкъуэжэ щыщIалъхьащ. Абы кьрихьэлIащ КъБР-мкIэ щыIэ МВД-м къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ и щIыналъэ Iэнатlэхэм я унафэщIхэр. Ахэр яукIам и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуэгуэзащ.

УРЫСЕЙ МВД-м Дзэлыкъуэ куеймкIэ и кьудамэм и полицэм и участкэм уполномоченнэ Бжэныкlэ Рустам бзаджащIэхэр жэпуэгъуэм и 18-м автоматкIэ кьытеуащ. Iэщэнщэ офицеры игъэзэта уIэгъэхэм ялъэкIым. Абы и ныбжьыр илъэс 25-рэ хъууэ арат.

БжэныкIэм къэрал кIуэцI Iуэхуэхмкlэ органэм '2009 гъэм лэжьэн щыщIидзащ. Иужьрей къулькъум 2011 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м пэрыувауэ щытащ. Унагъуэщ, сабий цIыкIуитI кьыщIэнащ.

Светловодскэ кьуажэм и участковэ уполномоченнэ полицэм и капитан Бжэныкlэм и нэIэм щIэт щIыпlэм щыпсэу дэтхэнэри ицIыхурт, щIалэгъуалэр мыгупсысэу ямыкъэзэгъэр ямылэжьыным щихьумэрт, нэхъыжьхэм защIигъэкъуэну сыт щыгъуи хьэзыгъ.

ГУЭЩОКЪУЭ Дисэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Жэуапым ирашалIэ

КъБР-м и прокурорым и къуэдзэм Iэ щIидзащ Федеральнэ казначействэм и Къэбэрдей-Балъкъэр управлениэм и унафэщIу лэжьа Зрум П., Федеральнэ казначействэм и щIыналъэ Iэнатlэм и Iуэущхьэмахуэ район къудамэм и Iэтащхьэ Чимаев Т., апхуэдэу Чимаев А., Хочуев М. сымэ хуэгъэзэауэ къызэIуаха уголовнэ Iуэхум.

ЗРУМ Л. ягъэкъуэншэ УФ-м и УК-м и 222-нэ статьям и япэ Iыхьэм, 286-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм и «в» пунктым, 292-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм, 285,1-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «б» пунктым, 285-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм, 292-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм, Iыхьэм, 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм, 292-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм, 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм, 292-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгуащ щIэпсалъэкIэ зэрилажьакIэ (хуимыту Iэщэ зэрихьумам, и кьулькъур щхьэзыфIэфIу къызэригъэсэбэлам, зэгъэуIуа гупым хэту тхыпlэ нэпцI зэригъэхьэзырам, бюджет мылъкум зэрыхэджэгуэхьам, гъэпщIагъэ зэрызэрыкъуам папщIэ).

Чимаев Т. ягъэкъуэншэ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм, 112-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «в», и «г» пунктхэм, 150-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм къыщыгъэльэгуэуа щIэпсалъэкIэ зэрилэжьамкIэ (зэгъэуIуа гупым гъэпщIагъэ зэрызэрихьам, мурад пыухыкIам тещIыхьауэ абы хэтхэм ныбжьыщIэм фэбжь зэрыградзам, балигъ мыхъуар щIэпхъэджагъэм зэрыхьашам папщIэ).

Чимаев А., Хочуев М. сымэ ягъэкъуэншэ УФ-м и УК-м и 112-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм и «г» пунктым къыщыгъэльэгуэуа щIэпхъэджагъэ зэралажьакIэ (зэгъэуIуа гупым хэту цIыхум фэбжь зэрыградзам папщIэ).

Къащта нэужь, щыхэпlэщIэ щхьэкIэ, уголовнэ Iуэхур Налшык къалэ судым зэрыхьащ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-IуэхущIапlэ.

Хуэдитlкlэ нэхъыбэ ирагъэпщын

Суд приставхэм я Май куей къудамэм и кьулькъущIэм Iульхьэ езытыну хэта М. яубыщащ.

ЩIыхьэУ тель сом мин 30-р ипшыныжьным теухуауэ кьаIэта Iуэхур кьыхэзгъэгъэувыIэн папщIэ абы Iуэхур гъэтаным сом 500 Iулъхьэу иритыну уигъэльэгъуащ, КъБР-мкIэ УФССП-м и суд приставхэмрэ КъБР-м щыIэ МВД-м экономикэ щынагъэщынагъэмрэ коррупцэм пэщIэтыныгъэкIэ и управленэм и лэжьакIуэхэмрэ Iуэхур яубыщащ. Абы теухуа уголовнэ Iуэху кьаIэтащ. Хабзэр кьыхэпlыдыгъэр яубыдыныжьмкIэ сэбэн хьуауэ суд приставхэм я кьулькъум и лэжьакIуэм абы теухуауэ кьаIэригъэхьа хьыбарыр.

Май районым щыщ Iуэхум щыхэпlыдыгъэ М. яуэлэжьу кьылытащ икIи сом мин 15 кьэдыдуэ трилъхьащ. КъБР-м и Суд нэхъыщхьэм уголовнэ Iуэхухэмкlэ и коллегиер абы хэпlэжьри Май районым судым и унафэм зэхъуэжьныгъэ хилъхьащ икIи кьэдыдуэ сом мин 25-м ящыгъкIуащ.

АЛЬТУД Фатlимэ.

Дзэм къулыкъу щызыщIэнухэр кьыхах

Къэбэрдей-Балъкъэр республикэм и дзэ комиссариатым и кьудамэу Налшык къалэм щыIэм дзэм кьулыкъу щызыщIа икIи запасым щыIэ щIыхьэхэр кьыхех контракткIэ дзэ кьулыкъым игъэкIуэн папщIэ.

КОНТРАКТ зращIыпlэхэм я кьулыкъур щрахьэхIынущ Щэшэн Республикэм щыщ Шали, Калиновскэ, Борзой, Хьанкъалэ жылагъуэхэм, Осетие Инджхэрэм и кьалащхьэ Цхинвал, Абхъаз Республикэм хьыхь Гудауэ къалэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Прохладнэ къалэм.

КонтракткIэ дзэм кьулыкъу щызыщIэну зи мурадхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и дзэ комиссариатым и кьудамэу Налшык къалэм щыIэм зыхуагъэзэн хуейщ мы хэщIапlэмкIэ: КъБР, Уэздыкъым и уэрам (Красноармейскэ уэраму щытар), 26, пщэ №24.

Телефонэр: 44-10-83.

● Iэпщэрыбанэ

Эномото Ясубе пэлъэщыну пIэрэ?

«Битва под Москвой -2013» зи чэзу уэдзыхьэх спорт зэпеуэ жэпуэгъуэм и 26-м Мэкъуу дэт «Урысей» къэрал концерт гъэлъэгъуапIэ нэхъыщхьэм Iэпщэрыбанэ зэхэтымкIэ щекIуэкIынущ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым и щIыхьыр иджы етIуанэу а зэхъэзэуэм щихъумэнущ Шэрэдж муниципальнэ щIыналъэм хыхьэ Бабугент къуажэм къыщалъхуа Туменов Альберт (кг 77-рэ). Фигу къэдгъэкIыжынщи, мы гъэм мэкъуауэрэгъуэм и 20-м апхуэдэ зэпеуэм ди лъахэрэм и хьэрхэрэгъуэ щыщитI Мироненко Роман ятlэ раундым нокауткIэ щыхигъэщIащ.

Иджырей зэхъэзэхуэм Альберт щыIущIэнущ Эномото Ясубе. Ар джиу-джитсумрэ грэпплингымкIэ Швейцариемрэ Германиемрэ я чемпионщ, кикбоксингымкIэ Швейцариемрэ щытекIуащ, тай боксым и IКВО лIэужьыгъуэмкIэ 2008 гъэм дунеи псом щынэхъыбIащ, грэпплингым и UGC лIэужьыгъуэмкIэ Европэм къыщIэпlэщIын къыкъуэкIакъым. Эномото зэпеуэ 15-м хэтати, 11-м щытекIуащ.

ЕщIагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, иджырей зэIущIэр зэхъэзэхуэ псом хигубыдэ нэхъ узытхъэкъуу щытынущ.

ФIыкIэ дызыщыгуэ, нокаутхэмкIэ мастер Туменов Альберт лъагапIэщIэм хуэхъэзырщ. Профессионал рингым щригъэкIуэкIа зэIущIэ 11-м ящыщу 10-м ар щытекIуащ.

«Битва под Москвой-2013» зэпеуэр **«Россия-2», «Бойцовский клуб»** телеканалхэмкIэ, **Sportbox.ru** сайтым эфир защIэм жэпуэгъуэм и 26-м и пщыхьэщхьэм щагъэльэгъуэнущ.

КУЖОНОВЭ Эльмирэ.

Туменов Альберт

Борсэ Астемир и зэфIэкI

● Кикбоксинг

Кикбоксингымкlэ дунейпсо чемпионат Бразилием и Сан-Пауло къалэм щекIуэкIащ.

Къэрал 43-м и спортсмен 600 зэхэзыша зэхьэзэхуэм Урысейм и командэ къыхэхам хэту щэджэм кикбоксёрхэм дыщэ, жэз медалкIэр къыщацIащ.

БОРСЭ Астемир (кг 41-рэ) К-1 Iыхьэм и кIэух зэIуцIэм Тыркум щыщ и хьэрхэрэгъуэ щыкиГащIэри, судьяхэр зэдзэрэзыуэ япэ ивыпIэр къыхуагъэфащащ. Нэхъапэм ар Урысейм спортымкIэ и мастер, Урысейм и чемпион хъуащ, Европэ, дунейпсо кубокхэр къихьащ. Ар зэхъэзэхуэхэм хуигъэхьэзыращ дунейпсо класс зиIэ спортым и мастер, тренер-егъэджакIуэ Дышэкl Асльэнбэч.

Шэджэм щIыналъэм олимп резервхэр щагъэхьэзыр сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и гъэсэн Жэгъуэ Фатlимэ (кг 48-м нэблагъэ, К-1) жэз медаль мы зэхьэзэхуэм щызыIэригъэхьащ. Ар Урысейм спортымкIэ и мастерщ. 2012 гъэм дунейпсо кубокыр къи-хащ, къыкIэлыкIуэ ильэсым дунейпсо чемпионатым ещанэ щыхуащ. Жэгъуэпыр и гъэсэнщ ДЮСШОР-м и тренер-егъэджакIуэ Сасыкъ Анзор.

КIАРЭ Элинэ.

● Футбол

Гъуэщхьауэхэр къызэрыкIыпаи

Бжьыхьэм жыг тхьэмпэхэр куэду кьызэрыщIыпыдзыным хуэдиз Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и мыгъэрей чемпионатым и кIэухым гъуэщхьауэхэри кьызэрыкIыпащ. ЖьыпIэну ирикъунщ Бабугент и «ЛогоВАЗ»-м и пашэ Жэбэтырымрэ **«Къэбэрдейм» и пашэ Жэбэтырымрэ иужьрей джэгуГуэгуитIым щытекIуа «ЛогоВАЗ»-мрэ «Бахьсэнымрэщ» икIи бабугентдэсхэр кьэнэжа зэIущIипlым щымыльэпэрапэмэ, ахэр республикэм щынэхь лъэщ хьунущ. Арымырамэ, бахьсэндэсхэм Iэмал кьахъкъуэкIынущ.

Гуп нэхьыщхьэр зыбгынэну командэхэри хуэм-хуэмурэ белджылы мэхъу. Ар щхьэлыкъуэдэсхэм я дежкIэ фIэкIыпIэншэмэ, Сэрмакъ, Тэрч, Тырныауэ я щIыхьэр зыихъуэжьэхэр иджыри ныкъуэкъуэфынущ.

АдэкIэ щыгъуаэз фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым иужьу щекIуэкIа зэIуцIэхэм я кьаринкIуа бжьгъэхэм: *тIощIрэ ебгъуанэ джэгуГуэ* - **«Бахьсэн»** (Бахьсэн) - **«Къэхьун»** (Къэхьун) - **2:1**, **«Спартак-Д»** (Налшык) - **«Прохладнэ»** (Прохладнэ) - **2:2**, **«Шэджэм-2»** (Шэджэм Етlуанэ) - **«Къэбэрдей»** (Шэрэдж Iщхьэрэ) - **4:1**, **«Велес»** (Къэрэгъэщэ) - **«ДЕР»** (Щхьэлыкъуэ) - **6:4**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Ильэмей»** (Ильэмей) - **11:1**, **«Шагъдий»** (Налшык) - **«Эльбрус»** (Тырныауэ) - **5:2**, **«ГидроЭС»** (Налшык) - **«СК-Союз-Сэрмакъ»** (Сэрмакъ) - **3:3**, **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **«Автозапчасть»** (Бахьсэн) - **1:5**, **«Тэрч»** (Тэрч) - **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **0:2**; *ещыщанэ джэгуГуэу* - **«Эльбрус»** - **«Къэхьун»** - **3:3**, **«Кэнжэ»** - **«Бахьсэн» - 3:6**, **«СК-Союз-Сэрмакъ» - «Нарт» - 2:4**, **«Къэбэрдей» - «Спартак-Д» - 5:2**, **«Ильэмей» - «Шэджэм-2» - 2:1**, **«ДЕР» - «ЛогоВАЗ» - 1:4**, **«Прохладнэ» - «ГидроЭС» - 1:3**, **«Автозапчасть» - «Тэрч» - 1:3.**

ХЬЭТАУ Ильэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фl.	Т.	О.
1. «ЛогоВАЗ»	30	24	3	3	99-40	75
2. «Бахьсэн»	30	24	2	4	138-62	74
3. «Кэнжэ»	30	21	3	6	92-58	66
4. «Прохладнэ»	30	14	8	8	54-36	50
5. «Спартак-Д»	30	14	8	8	86-64	50
6. «Автозапчасть»	30	14	7	9	82-56	49
7. «ГидроЭС»	30	15	3	12	57-58	48
8. «Къэхьун»	30	13	7	10	68-61	46
9. «Къэбэрдей»	30	14	3	13	78-75	45
10. «Шэджэм-2»	30	12	5	13	65-76	41
11. «Велес»	29	8	10	11	58-64	34
12. «Нарт»	30	9	6	15	54-75	33
13. «Шагъдий»	29	8	6	15	57-75	30
14. «Ильэмей»	30	7	7	16	55-76	28
15. «Эльбрус»	30	7	5	18	50-79	26
16. «Тэрч»	30	7	3	20	68-110	24
17. «СК-Союз-Сэрмакъ»	30	6	5	19	52-95	23
18. «ДЕР»	30	5	3	22	55-108	18

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Жылаев Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудамэ), **ЖьэкIэмыхьу Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къудамэ), **Ширдий Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къудамэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Итэпан Залинэ, Кьардин Маритэ, НэщIэныджэ Замир», Хьэжыкъарэ Алик, Цыхьэшэмыщ Иэ.**

КъудамэгъэкIуэмрэ редакцIэмрэ я хэщIапIэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5. ебгъуанэ-епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къудамэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Iуэхущапlэхэм ядлэжьэныжьмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмэхэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущапlэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхъа бжьыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхухьэхэм я пажьыныжьэ ахэр зытхахэм нэсу ягъэхьа яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткIым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пошт эпщIэнымкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитынигъэр хьумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущапlэм ЗМ-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ кьыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.

КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащэ: **жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору Къумахуэ Асльэн, корректорэу Афэ Тамарэ** *(1, 3-нэ нап.),* **Мырзэкан ФатIимэ** *(2, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и тепльэр ящIащ Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, суратхэм елэжьар Бицу Жанинэ.*

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тридзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рэ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.757 ● Заказ №2685